No. 36. SALASA 27 November 1928. Taoen ka 1.

LANGLAJANG DOMAS

Panglajang Pagoejoeban „PASOENDAN" Kaloear sakali saminggoe

Pangaos langganan sakwartaal f 1,50.

Lid-lid „Pasoendan" nampi ieu panglajang teu kedah majar.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pangaos advertentie sae barempag sareng Administratie Tjimoeloeweg 12 Tasikmalaja.

Karangan adres ka Redactie Djoer. SOERIADIRADJA Gang Wadana MEESTER CORNELIS.

Lid-Lid Red. A. SOEARDI, R. MOEHAMAD ENOH, SOETISNA SENDJAJA, B. SOERA'ATMADJA.

Bewara ti Hoofdbestuur.

I. Noemoetkeun poetoesan H. B. vergadering, kempelan taoenan baris diajakeun di Tasikmalaja, dina sasih Maart ping 30/31 ngawitan Wengi Ahad, ladjeng dinten Ahadna, panoetoepan wengi Senen.

Tjabang Tasik sanggem sajagi tempat mondok oetoesan, sapami aja oetoesan anoe njoehoenkeun pamondokan; nanging toeang leueut, tanggelan oetoesan (satjabangna satjabangna).

II. Voorstel-voorstel kanggo Algemeene Vergadering moegi dikintoenkeun ka Hoofdbestuur; elat-elatna ping 1 Februari 1929.

III. Jaarverslag, jaarverantwoording sareng sanes-sanesna anoe perloe kedah dikintoenkeun ka H. B. sanemeh taoen 1929.

IV. Sagala actie anoe bade didjalankeun koe tjabang, boh pijoritgan, boh sasarengan sareng pakempelan anoe sanes kedah nguawartosan ti anggalna ka Hoofbestuur.

Koe margi H. B. bade ngalmbah bab Reclasseering, moegi tjabang tjabang kersa ngamanahan ieu „onderwerp".

VI. Wakil wakil Pasoendan di Locale Raden kedah didamel sasarengan sareng Bestuur tjabangna. Sae pisan oepami ngajakeun waktos „lezing" tina perkawis anoe patali sareng padamelan di Locale

VIII. Ari contribusie teu kinten diadjeng adjengna.

Secretaris H. B.

Wartos ti Redactie.

Parantos karaos pisan koe Redactie, keuheulna, ambekna para djoeragan, ngantos-ngantos Langlajang Domas henteu geura djol. Eta kaemoet pisan koe Redactie-moeng bae, nja eta koe kirang „tanaga", kirang noe didamel, sadaja diteumbleuhkeun ka Hoofdbestunr, anoe sadaja pada gadoeh padamelan, pada gadoeh kawadjiban.

Ana pek hiroep Batawi, henteu kenging ngandelkeun „eta bae", kedah ihtiar sanes, soepados njoemponan kana pamenta hiroep koemboeh. Aja saoerang-oerangeun anoe henteu ihtiar **„loear biasa"**, teu koe hanteu kapapantjenan ngoelik ieu tea eta tea.

Ngantosan karangan ti loear, hartosna ti tjabang-tjabang, lebeng bae.

Atoeran mah atoeran: parantos kieu tea, kitoe tea, nanging ngan bati mentegeg anoe ngantosan, bati keuheul anoe ngarepngarep, da djol mah henteu.

Sanes ngomong bobohongan ieu teh maksakeun maneh, selang-selang tina wadjib. Moegi-moegi bae aja hampoenten sareng aja pangdeudeul karangan ti loear.

Hormatna Red.

Dokter Tjipto.

Sadaja sami oeninga anoe ngagentos djoeragan Oto Soebrata teh Djrg. Tjipto. Nanging eta pilihan meh teu aja goenana, margi andjeunna diinterneer di Banda, henteu kenging kaloear ti nagara eta.

Dina zitting Volksraad anoe ajeuna ieu teh djadi hidji onderwerp anoe rame pisan.

Dina Algemeene Beschouwingen katawis aja noe voor, aja anoe tegen.

Anoe voor Kaom Nationalisten ti Djawa. Djrg. Thamrin anoe djadi „pembitjara." Tjeuk andjeunna hade dr. Tjipto sina ka Volksraad, margi kiezer parantos milih ka andjeunna. Oepami Pamarentah nga-hargaan Volksraad eta bisloeit interneering tjaboet atanapi gentos oepamina: teu kenging kaloear ti kota Batawi. Dr. Tjipto pikeun Regeering hidji tegenstander anoe eerlijk; moal njoempoet dina enggoning pareboet bener teh.

Dina hal ieu dibantoean koe toean Stokvis, anoe njariosken, jen pilihanana wettig. Waktos dilarang lebet ka Vorstenlanden Dr. Tjipto djadi lid Volksraad.

Toean Suermondt wakil Vereeniging B. B. Europa moepakatetin pisan Dr. Tjipto diidinan ngaloeeohan zitting Volksraad. Oelah sieun oelah risi apan politie tjoekoep. Anoe dipambrih koe andjeunna soepados strijd teh (perlawanan) dipindahkeun ka Volksraad djadi mangpaat.

Tangtos pisan Kaom Sana teu panoedjoeeunana. Eta geus teu matak heran deui. Moeng bae anoe katjida matak teu kahartosna nja eta Dr. Apituley, anoe njariosna „atas nama" lid-lid ti Sebrang, hartina meureun elid-elid loear tanah Djawa.

(Elid Boemipoetrana).

Andjeunna teu rempag Dr. Tjipto diidinan lebet ka Volksraad. Malah njoehoenkeun ditambah atoeranana nja eta „boeangan" teu kenging lebet djadi lid Volksraad. Andjeunna pertjaja, henteu kagoengan kajakinan, jen soempahna Dr. Tjipto leres; margi aja sesebatan kieu: „trouw aan den koning," tah eta sacer Dr. Apituley asa moal daekeun Dr. Tjipto mah.

Koemaha timbangan **pagoejoeban Pasoendan?**

Henteu kedah ditotek-ti-ditoena, sagtos rempag, margi andjeunna teh sakiezersijst (sacandidaat) sareng Voorzitter oerang, sareng Djrg. R. A. A. A. Djajadiningrat. Hanas eta salempang bilih koemaha onam? Apan politie entas dilobaan, reserse beuki tambah. Pek bae tambahan deui doea mah, woengkoel pikeun nalingakeun Dr. Tjipto. Tjenah eta koedoe diinterneer. Na make hese-hese teuing; da henteu. tetep koedoe „Banda". Ganti bae koe Batawi; tjenah lega teuing, pek kampoeng Padjambon bae ditambah Waterlooplein djeung Koningsplein, soepaja iasa ka Museum, bilih bade ngilari boekoe-boekoe anoe teu aja dina bibliotheek Volksraad.

Kapalang.

Coeroe basa.

Ngamadjoekeun basa teh geus djadi kawadjiban oenggal bangsa-bangsa, anoe dina djaman ajeuna aja dina tahapan loehoer.

Oepami koe oerang ditilik sagala ihtiarna deungeun-deungeun dina ngamoemoelena, ngaraksa basana; estoe lain bandingkeuneun reudjeung kaajaan di oerang mah. Geuning nepi ka aja sakola loehoerna, aja propesorna.

Koemaha ari di dieu?

Ngan darapon bae. Aja oge anoe kaasoep maher pangartina, tapi eta mah estoe beunang itikoerih sorangan, ihtiar, tatanja ka ditoe ka dieu; ngoelik boekoe itoe, wawatjan ieu. Tina sabarna nja teu woedoe seueur poeloenganeunana. Koemaha seuseueurna? Lapoer!

Kirang bahanna, kirang waktoena, kirang anoe noedoelkeunana, teu mendak boe koena, teu njampak wawatjanna sareng seueur seueur deui. Atoeh henteu ladjeng; ngan kantoen maksoed bae.

Ieu perkawis teh kaoeninga kawasna mah koe noe wadjib, da geuning 3 à 4 taoen kapoengkoer parantos diajaan Cursus pigoeroe basaeun anoe lamina sataoen.

Pigoeroeeun ngaroelik basana sareng diwoewoehan basa Malajoe (djadi oerang Malajoe mah moeng basana bae); sareng sanes-sanes pangadjaran djabi ti eta.

Taoen ieu diajaan deui Cursus pigoeroe basaeun teh, 2 bangsa Malajoe, 2 bangsa Djawa 2 bangsa Soenda.— Koemargi di anggap pereloe dina eta Cursus teh diadjar keun 3 basa anoe djadi babakoe: Djawa Soenda, Malajoe.

(oerang Malajoe henteu diwadjibkeun dia djar basa Soenda). Djabi ti eta basa Kawi (Oud Javaansch) sareng vak-vak anoe sanes. Koe Djrg. Voorzitter oerang di Volksraad parantos disoehoenkeun soepados pangadjaran basa dipentingkeun! djadi pigoeroeeunana oge kedah kenging opleiding anoe tjeksp. Cursus anoe aja kedah dilamian deui. Toean Directeur O en E. harita parantos aja saoerna bade, diwoewoehan taoenna.

Dina Begrooting tambahan taoen ieu aja post anoe patali sareng eta. Cursus di tambahan waktos sataoen satengah sareng pigoeroeeunana diwoewoehan 4 djadi sapoeloeh Goeroe goeroe asal ti Cursus teh bakal ditempatkeun di Osvia sareng H I.K.

Noemoetkeun katerangan, aja sababaraha lid Volksraad anoe bade ihtiar njoehoenkeun ditambah 2 taoen deui, soepados tjekap pisan waktosna. Margi dina taoen tambahan teh bakal diajakeun basa Arab sareng basa Sanskrit, djabi ti eta vergelijkende taalstudie sareng Cultuur geschiedenis Doepi basa anoe 4 tea njaeta Soenda, Djawa, Malajoe sareng Kawi ladjeng diasakkeun.

Kanggo kaperloean bangsa--tetela pa ngadjaran basa teu kenging dilalaworakeun. djadi Opleiding pigoeroe—basaeun kedah enjaan.

Roesida.

Naha arek naon?

Soerat kabar Timboel anoe dikapalaan koe Djrg. Mr. Singgih geus njiarkeun notulen geheim tina Vergadering Suikersyndicaat, Soerat kabar „oerang ditoe" loeba na njawad kana taladjakna soerat kabar Timboel, pedah geus moekakeun rasiah maranehanana. Tapi oerang koedoe moedji ka Red. Timboel, sabab koe lantaran eta oerang djadi njaho koemaha sentimentna toean-toean onderneming anoe galede.

Ieu di handap ditetek hidji-hidji anoe katimbang perloe.

I. Dina eta notulen geus tetela, jen hidji lid Volksraad ngaran Ali Moesa, wakil ti Tapanoeli, geus menta toeloeng ka Suikersyndicaat, soepaja maksoedna dideu deui. Njaeta arek ngaloearkeun soerat kabar kaom kabangsaan. Djadi toedjoel mak soedna teh rek merangan Javaansche Nationalisten.

Lamoen euweuh kabar dina Timboel mah meureun oerang teh masih ngahormat bae ka eta Gedelegeerd Lid, anoe ngakoe ngakoe jen kaom Nationalist. Malah barang djol mah ka Pedjambon, pohara sigana mah; pidjagoeun, kawas pi senapateun, tapi . . . . . dina taoen ieu keneh ngaleok.

Mimitina **berani**, toeloej kana haloean **pajoeng**, ti diuja loempat ka **Kaom Goela**. moetang menta toeloeng ka toean Bruineman, wakil goela di Volksraad.

Naha henteu babarengan djeung zijn „bruine broeders", djadi menta toeloengna teh mistina mah ka de „Bruine mannen" in de Volksraad.

Koe toean Thamrin sareng t. Stokvis di bantah, ditangtang soepaja oelah „main semboenji", **lebih baek teroes terang.**

Koemaha djawabna?

„Koering moal, ngadjawab tina hal eta lamoen eta notulen dina soerat kabar Timboel atjan dianggep sah koe noe boga (Suikersyndicaat)."

Anoe maraos tangtos ngaraos, jen eta djawaban boedak, sanes djawaban „djago politiek".

Koe Djrg. Thamrin ditjekel deleg, enja henteuna menta toeloeng. Na ari djawabanana kitoe.

Lamoen enja **een man van karakter**, koedoe ngadjawab teh: **„Enja, henteu salah!"** atawa **„Henteu; eta tjarita bohong"** Tah eta djawaban anoe toelen mah.

Koe lantaran djawaban anoe teu poegoeh hoeloe boentoetna, tjek sim koering kaom Suikersyndikaat oge atoheun henteu masti keun rek noeloengan teh, sabab ajeuna ka tangen, jen „koerang berani melihatkan isi peroet sendiri" henteu wanieun terang terangan.

Kaom sini oge teu koedoe risi, teu koe doe rempan njangharenpan dawan anoe kieu mah, Ali Moesa is nog geen Koesoe mo Joedo. Boleh tambah lagi matjam be gini mah.—

Oerang teh ngan oekoer „seuri" bae, oepama anoe kieu loba tjaritana teh.

Hij heeft zelf zijn figuur naar beneden gehaald.

Loetjoe, loetjoe. Koe toean Parada Harahap, oerang Batak keneh, batoer sanagara diseboetna oge „Ali Nekat" sarta teu dianggap wakil oerang Batak. Maoe apa sekarang toean Ali Moesa?

Pikeun oerang ajeuna, wet loehoer Pangeran Ali harkatna teh, nadjan andjeunna tjarang sasaoeran.

II Perkara noe aneh deui, anoe aja dina soerat kabar Timboel.

Kaom goela arek ihtiar, soepaja Kdj. T. Besar wakil Radja, beunang dipantjing.

Rek dideuheusan heula, dipariksakeun koemaha galihna tina perkawis mere tanah Oepami parantos aja anoe matak raos kana manah Kaom Goela; bade disoehoenkeun soepados diserat, ambeh . . . . . , oelah ditjaboet deui.

Djabi ti ieu aja critisk ka B.B ambtenaren, bangsa Europa.

Wakil pakempelan B. B. Europa. toean Suermondt parantos ngesek-ngesekeun ka kaom kapitaal (kaom goela), jen katjida awonna taladjakna. Komo palebah niat mantjing Toean Besar G.G, mah. Saoer toean Suermondt eta sentiment teh sami sareng taladjakna „Roofridders" njaeta hidji kaom menak djaman baheula di tanah Europa anoe hiroepna tina ngarampog.

Poeas eta mah! Ana pek bidjilna ti hidji wakil ambtenaar Walanda. Blong bate oerang, mani boengangang. Oepama kabeh B. B. Europa kitoe. tetela kapertjajaan teh moal leungit, moal ngoerangan.

Di Volksraad toean Suermondt wakil B. B. Europa. gegentos t. Mejer Ranneft, nembongkeun kasatrianana ka oerang.

(Kawas kawasna bae djaoeh tanah ka langit kana kapilih djadi Adviseur bako, atawa goela teh. tjara toean Kempen, oeroet Gouverneur Sumatra Wetan).

Tapi . . . . . oerang Priboemi meureun bakal njieun Standbeeld keur andjeunna engke di achir.— Tjindekna moal diasoep keun kana „lijst bako—goela—mitjak" koe oerang engke dimana oerang geus akil baleg.

III. Perkara anoe katiloe.

Dina notulen Suikersyndikaat tetela, ebreh jen Kaom Goela arek ihtiar satengah mati soepaja oelah aja pabrik goela noe diadegkeun koe bangsa oerang. Arek diha langan, arek menta toeloeng ka Pamarentah soepaja ditjarik.

Toeh, geus breh deui bae kaanehan teh.

Tjenah arek ngamadjoekeun kana sagala djalan kamadjoean, boh koe politiek boh economie, tapi . . . . kitoe ari prakna mah.

Ieu kitoeh, anoe diseboet diplomatiek teh. Di loear njarita **kieu**, ari dina vergadering tertoetoep **kitoe**..

Apan tjenah: „Kami datang ke Hindia maoe membadjoekan kamoe semoea, dalam hal apa sadja, soepaja nantinja satoe harkat dengan kami" . . . . geura aja raos eta omongan teh. Koemaha ari boektina?

Inlandsche meerderheid — oelah.

Raad van Indie ditambahan oerang dieu —djangan.

Tambah lid Indonesia di gemeente raad —entong.

Reaan sakola keur oerang — tida perloe.

Moeka pabrik goela — tahan.

Paingan kang Ijan dibawahan Soekaboemi sakitoe diriboetkeunana, atoeh ari kitoe mah. Ngarti bae ajeuna mah.

Da eta Timboel noe kitoe tea mah, geus bae oerang njaho enas enasna maksoed

PERPUSTAKAAN NASIONAL

oerang ditoe (Kaom kapitaal). Simana horeng, kitoe di djeroua mah.

Awas batoer, awas doeloer.

Beurat pagawean oerang, da ditambahan koe ngalawan bangsa Sang Ali Moesa deui ongkoh.

Katja mata

Saha anoe koedoe dipilih djadi lid Raad Kaboepaten?

Geus kaloeangan koe oerang Pasoendan ajeuna, da geus kaalaman tiloe taoen lila na, geus kanjahoan beubeunanganana, geus boekti boeahna Raad Kaboepaten teh, geus lain bedja deui, tapi nembrak katingali koe sadaja hade gorengna.

Di dieu koering moal njaritakeun atoeran ordonnantie atawa kakawasaanana R. K. tapi hajang njaritakeun pielideunana engke ka pajoen, reh oerang teh tereh mi lih deui elid, tereh ngagawekeun deui kis man. Eta margina anoe mawi koering toe maros, saha anoe koedoe dipilih djadi elid R. K. teh, anoe koemaha?

Nilik boekti anoe parantos djadi, tetela pisan teu bisa dipatok koe atoeran koedoe oerang kampoeng woengkoel, atawa koedoe prijaji woengkoel, da geuning teu kapiang geuhan, aja prijaji anoe moeringis dina Raad ngan ngadon noendoetan sagala soe moehoen dawoeh, aja deui wadana anoe pratentgtang melaan kaperloean djelema rea. Aja oerang kampoeng dina djadina lid ngan noendoetan bae, ngadon ngalamoen teu aja goeam, aja deui anoe estoe tea djago, digawe soson soson, timbanganana asak teu eleh koe menak atah, teu beu nang koe gebrag atawa harewos.

Toeh koe kitoena, teu kenging dipastina teh! Koe margi R. K. teh pada ngintjer, pada ngawaskeun koe sarerea, nja kitoe deui koe oerang sawargaloka, koe para dewa djeung batara, djadi atoeh oerang teh koedoe iatna naker.

Geura ari ningal Raad Kaboepaten anoe dina verhadringna, ti barang poer tepi ka toetoep, ngan Voorzitter bae anoe ngaboeih teh, elid elidna mah karereanana ngabetem kapan oerang oge nganaha-naha, komo dewa-dewa mah, moal boa njeboet atah keneh, njeboet kieu njeboet kitoe oge, da ari vergadering oge ngan paloe Voorzitter bae noroktok, elid mah kitoe boektina.

Wartosna dina vergadering R. K. Pande glang anoe kamari ieu, ngan Djoeragan Voorzitter bae anoe sasaoeran teh, sareng dina panoetoep dina rondvraag aja doeaan anoe disada. Katjida matak handjakalna!

Eta teh lantaranana dina ingetan koering mah nja salah oerang keneh bae naña atoeh milih noe pireu, naha atoeh milih anoe kitoe?

Keun, ari elid anoe dibenoem mah rek kieu rek kitoe oge, pantes, da benoeman ngaranna oge, kisman henteu pipiloeeun, ieu mah aja dina panangan Boepati, kari koemaha timbanganana bae.

Moen Boepati hojong djempe ngarah rineh, nja manawi milihna bangsa anoe haredjo, moen ngarah haneuteun, nja meureun neangan noe rada asak meueusan. Tapi nadjan kitoe, ari panoehoen mah ti oerang oelah weleh, nja eta kahajang teh, anoe diasongkeun teh hajang anoe pingomongeun, anoe pidaekeun djeung anoe pibisaeun disada, da kapan ari dina Raad mah anoe diarah teh pikiranana, sorana djeung hodjahna.

Nadjan hadji, nadjan santri kaom poetihan tea, ari teu bisa ngomong—ngomong atjan mah pertjoemah.

Nadjan goeroe, nadjan kaloearan sakola radja, ari heupeu mah teu goena. Nadjan wadana kaloearan sakola menak, ari ngompod mah teu mangpaat dina Raad mah. Kadjaba lamoen ngan hajang dihaminan woengkoel.

Ari oerang rea koemaha milihna?

Nja saroea bae saenjana mah djeung anoe bieu da ieu mah lain milih piloeraheun, tapi pielideun dina Raad, djadi koedoe djelema anoe geus katembong ajeh hodjahna, aja talna, aja wawanenna. aja pangabisana, aja sorana, kawantoe ieu mah adoekeuneun, rek dititah ngoeroeskeun, kaperloean oerang.

Kapan geuning lamoen oerang djelema sadesa rek ngadeuheus ka Kangdjeng Dalem, oerang teh sok milih anoe pibisaeun ngomong, anoe piwanieun tjarita.

Geuning oerang sok badami heula:

A. Lain kitoe, Marnasim bae ajeuna mah anoe koedoe oendjoekan teh, da bisa tjari ta djeung sonagar!"

Marnasim: „Ah. sangeuk koering mah rek didjieun tjikal boegang, koeriak engke padjar koering bae anoe djadi pamawana!

B. Nja. ari Marnasim teu daek mah keun bae, itoe bae Den Wira, soegan sageuj da kaloearan sakola!"

Wira: Teu timoe pipokeunana koering mah, djeung isin deui. ari adoe hareupan djeung K. Dalem teh sok laleungitan. Koe maha engke lamoen katjeletot, njeboet sadaja daja.

Ardjaen: His, atoeh ari kitoe mah eu weuh noe sahoeloeeun. keun bae ajeuna mah koering anoe oendjoekanana. hajoe bae sarerea oerang ngadeuheusan, soegan moal enja ari djol ari kerewes toeloej di legleg da menak mah adil.

(Aja samboengna.)

Goeroe Normaal.

Sering pisan aja wartos jen goeroe-goeroe sakola Normaal dipadjarkeun gede teuing gadjihna, pedah saroea djeung Schoolop ziener.

Nalika bade kaloear atoeran robahan gadjih pagawe Goepernemen taoen poengkoer, geus bet deui bae aja bedja jen goeroe anoe ngadjar di sakola Normaal gadjihna moal disaroeakeun djeung opziener.

Malah geus aja boektina, lain ngan bedja bae, kadjadian aja goeroe noe dibenoem ka sakola Normaal ngan meunang gadjih tepi ka f 250, henteu maksimom f 300 tjara noe sedjen.

Ningal boekti ieu, tetala wong agoeng teh aja kahojongna ngoerangan gadjih goeroe normaal sakoemaha bedja-bedja tea.

Tjing naon kira-kirana sababna?

Tah ieu teh perloe koe oerang dipapaj, naon sababna, lantaran sakola normaal teh hoeloe wotanna pangarti oerang priboemi, anoe engke ngotjor ka sakola kelas II, nja eta sakola antjoan Marhaen. da meunangna goeroe teh ti Normaal.

Oerang sarerea pada terang jen Kweekschool ajeuna geus dileungitkeun diganti koe H.I.K. anoe leuwih loehoer batan Kweekschool, anoe ngadjarna oge leeraarleeraar bae. Kaom Marhaen miloe atoh, miloe boengah batoerna bakal meunang goeroe anoe araloes pikeun ngadjar anak-anakna di H. I. S. Tapi ari inget kana papasten dirina, kamarhaenan tea, bet sok ngangres, ngarasa toegenah, djeung nanja maneh: Naha ari keur goeroe H. I. S. sakitoe dipoepoedjoehkeunana, sakitoe di oeroesna, ari keur sakola klas II keur anak Marhaen bet kawas teu pati dipiroesea, asa di-anak-terekeun, boektina geuning henteu diatoer soepaja langkoeng loehoer. Tinimbang diloehoeran mah kawasna bet rek rada dikadalian, sina kaawer boektina gadjih goeroena, kaom Marhaenna, rek dikoerangan.

Ari hartina eta maksoed ngoerangan gadjih teh, tangtoe pisan matak ngoerangan aloesna pangadjaran. Geus moal beunang dipoengkir deui. Kapan aja katjepangan kieu: Lamoen hajang BETOEL, koedoe BETAL.

Mangkaning ari ieu kawasna ngan rek neangan moerah bae nja tangtoe moal meunang anoe aloes.

Lamoen goeroe sakola normal kalamerona, tjing saha anoe bakal roegi?

Moal saha, nja Marhaen! Da nja eta lamoen goeroena asal moerah, moeridna oge moerid moerah, moal aloes.

Djadi, koering njaritakeun gadjih goeroe sakola Normal teh, saenjana kaperloean pangadjaran. lain pikeun kaperloean djoeragan goeroe normal.

Naon sababna anoe matak rek dikoerangan?

Doeka, eta mah kahojong noe agoeng bae, anoe teu pati oeninga enja kawasna kana kaajaan sakola normal tea.

Naon sababna anoe matak lamoen goeroens ngan oekoer dibere nepi ka f 250 bakal ngaroegikeun pangadjaran?

Tah, ieu mah bagian oerang ngadjawabna.

Kieu geura!

Goeroe kaloearan Kweekschool teh bisa djadi schoolopziener, djeung bisa djadi goeroe Normal.

Lamoen gadjih di Normal teu saroea djeung opziener, nja tangtoe bakal kadjadian, goeroe anoe aloes kana opziener, goeroe kalamerona, pamilihan ka Normal. Da anoe hade mah mending ka anoe rada aja gegeleunana.

Bedjana, anoe matak dipadjarkeun gede teuing teh, pedah leuwih f 100 ti goeroe sakola klas II, njaroeaan bedana gadjih goeroe Walanda meureun.

Henteu diemoetkeun jen eta anoe f 100 leuwihna teh djeung djadi eupan, djadi patri hate goeroe. soepaja oelah ngarasocla teuing deui, pedah aja oedageun bisa meunang f 300. Ari gadjih goeroe Walanda mah geus pada ratoes dalapan, ratoes salapan, malah aja anoe reboe.

Gadjih goeroe normal gede teuing, atawa gadjih opziener leutik teuing?

Saha anoe daek djadi goeroe normal, lamoen gadjihna ngan tepi ka f 250?

Moal aja, ari goeroe bener goeroe aloes mah, kadjaba kalamerona, atawa anoe dipaksa koe pananja sina milih: mending mana dilepas djeung djadi goeroe normal?

Mending mana dibentar gelap djeung dibere doeit saperak?

Naon sababna noe matak moal aja anoe daek djadi goeroe sakola normal, lamoen saeutik gadjihna.

Mangga ieu tingali:

1. Djadi Goeroe normal koedoe didjar deui, koedoe leuwih pinter batan tadi, da koedoe ngadjarkeun elmoe anoe laloehoer.

2 Djadi Goeroe Normal kabeulit koe gawe beurang peuting, katjangtjang koe sakola, ngadjaga internat.

3. Koedoe njewa imah Goepernemen 15% tina gadjih, ari di kampoeng mah bisa boga imah sorangan, diinjewana oge ngan oekoer tiloe ringgit, atawa leuwih saeutik

4. Goeroe anoe harade geus baroga oge kaoentoengan di sakola kl. II teh, aja anoe ngadjar cursus goeroe desa f 25 saboelan.

Djadi goeroe normal naekna ngan f 50 — f 25 = f 25 Katjokot koe sewa imah f 45, nja eta 15 % tina f 300 djadi minus f 20

Sanes raos ari kitoe?

Mana boeroeh ngadjaga internaat?

„ „ naek pangkat?

Mana boeroeh tambah gawe?

Djadi, lamoen gadjih goeroe Normal ditoeroenkeun teh, goeroe normaal bakal ngegel tjoeroek.

Onderwijs congres.

N. I. O. K. jaitoe soeatoe perkoempoelan jang maksoednja memadjoekan pendidikan dan pengadjaran boeat semoea pendoedoek Indonesia, tahoen ini telah bercongres lagi ketoedjoeh kalinja di Betawi dalam gedoeng Loge, congres mana dimoelai hari Selasa dd. 18 September jl. sampai hari Djoem'at 20 September. Congres ini diboeka oleh p. t. *van Dijk*. Inspecteur Mulo, jang menerangkan, bahwa congres sematjam itoe sama toedjoeannja dengan Onderwijsraad, jang djoega memikirkan hal didikan d s b. Onderwijsraad sering kali dibandingkan dengan kapstok (tempat menggantoengkan topi), boeat tempat mengoempoelkan matjam-matjan tjita-tjita (ideaal) jang ta' dapat tertjapai, toch tida boleh dioengkiri lagi, bagaimana pengaroehnja boeat onderwijsstelsel jang ada. Banjak peroebahan dipikirkan oleh Onderwijsraad jang asal moelanja diperoendingkan di congres-congres N. I. O. K. Hal ini diterangkan dengan tjontjoh tjontoh, mitsalnja „differentiatie" di

Maksoednja toelisan ini boekan setjara verslag tetapi sebagai pemandangan pendek boeat P. G. H. B. jang djoega mendjadi anggotanja badan N. I. O. K. (dari organisatie Indonesia hanjalah P. G H. B. jang masoek N I. O. K.) dalam congres jang baroe laloe diwakili oleh doea orang teman, jaitoe saudara *A. Soeardi* dalem bestuur N. I. O. K. dan saudara *Oto Iskandar di Nata* setjara wakil congres.

Soal soal jang di peroendingkan penting penting, ja'ni: *Gezag en Vrijheid*, oleh toean *Schuurman* dari Djokja. *Pengadjaran loear biasa* oleh toean *Folkerts* dari Bandoeng; *Pemandangan keadaan Onderwijsstelsel* oleh toean *R A. Sehotman*: *Artinja pengadjaran penghalang tjandoe* (madat) *dan minoeman keras* (alcohol) di sakola rendah dan pertengahan oleh toean *Sonnenberg* dari Betawi, *Handenarbeid* oleh toean *v. d, Hout* dari Betawi dan *Avondscholen* oleh toean *Rosenquist* dari Soerabaia. Hal pertama kelihatan banjak jang hadiir djoega pembesar-pembesar. Pada hari ini toean *Schuurman* dan *Smidt* menerima bagian bitjara, jang maksoedja sama sadja, jaitoe bahwa didalam pendidikan *gezag dan vrijheid*, haroes bersama-sama Anak djangan sadja di beri hakoja tetapi haroes djoega didjatoehinja kewadiban (menoeroet),

Kata toean *Schuurman*: „Pendidikan itoe haroes setjara persediaan (voorbereiding) boeat kehidoepan, Kalau orang mengakoe bahwa hidoep itoe peperangan heibat sekali oempamanja, hendaklah pendidikan itoe selaras dengan persediaan boeat perang itoe. Dan 'zonnige opvoeding' sebetoelnja boekan persediaan hidoep. jang diseboet perang itoe,"

Kedoea pembitjara ini menerangkan padahnja religie (godsdienst = agama) sebagai dasar pendidikan.

Hari jang teramai sekali, jaitoe hari kedoea, bagiannja toean *Schotman*. Siapa tidak maoe mendengarkan pembitjara ini? Menoeroet bisikan orang „radja djimnja" pembitjara! Djadi pada hari itoe tempat rapat penoeh djoega p. t. Directeur van Onderwijs hadlir. Sajang dalam vergadering ini tidak ada kesempatan boeat bitjara ke doea kalinja (tweede instantie) bagai pembantah pemba itah sehingga tidak ada kesempetan boeat mereka membenarkan djawabnja toean *Schotman*, jang banjak tidak mengenai bantahannja. Toean *van Dijk* jang djoega djadi pembantah, berkata kepada kami sambil tersenjoem.

„Ja, toean *Schotman* samasekali tidak mendjawab bantahan saja tetapi sebab bitjaranja begitoe djenaka, tidak mengapa, toch kita mendapat tertawa énak."

Saudara *Oto Iskandar di Nata* hari itoe djoega toeroet bitjara tetapi boekan sebagai wakil P. G. H. B. hanja setjara persoon. Begini bitjaranja: „Toean voorzitter, idjinkanlah saja moelai dengan pertanjaan kepada inleider tentang jang terseboet dalam stelling 6.

Boeat apakah bagian jang terbaik sendiri dari golongan goeroe-goeroe dapat meneroeskan peladjarannja? Boeat hoofdacte barangkali?

Apa peladjaran hoofdacte itoe haroes diadakan di negri Belanda, menoeroet inleider?

Saja haroes mengakoe, bahwa dalam atoeran ini ada sifat jang menarik hati, tetapi saja rasa, bahwa peladjaran itoe mengingat finantieele consequentie (hal wang), lebih baik diadakan disini.

Lain halnja kalau jang dimaksoedkan oleh inleider itoe „studieverlof" Sebetoelnja pendapatan setjara ini telah divoorstelkan oleh Gewestelijke afdeeling Pekalongan dari H. K. S. bond kepada congresnja,

Tetapi voorstel itoe telah ditjaboet sebab kami takoet, kalau-kalau pendapatkan itoe akan ditertawakan oleh pembesarnja. Toean tahoe, bahwa kami ini lekas maloe, (Vergadering tertawa). Tetapi sebab sekarang toean Directeur v. Onderwijs, jang djoega hadlir disini mendengarnja pendapaan itoe dari moeloet toean *Schotman*, saja berpengharapan besar."

Di sini vergadering tertawa, dan p. t. Directeur v. O. djoega kelihatan tertawa énak tersenjoem manis. Moedah-moedahan! Dalam djawabannja toean *Schotman* menerangkan, bahwa maksoednja itoe memang „Studieverlof", sebagai jang telah didjalankan oentoek Regent-regent, malahan boeat semoea golongan amotenaar, djadi precies seperti voorstelnja Gewestelijke afd. Pekalongan dari H. K. S. bond.

Tentang pembitjaraan lain saudara *Oto Iskandar* teroetama tentang pengadjaran bahasa Melajoe di E. L. S., H. C. S. dan H. I. S.. kami tidak akan moeat hal itoe dalam pemandangan ini, sebab jang panjak soedah di moeat dalam correspondentieblad. orgaan H. K. S. bond, (jang doeloe) tahoen 1925 No. 2.

Dalam rapat jang membitjarakan *anti-opium* dan *alkohol* dan djoega tentang *handenarbeid* tidak begitoe banjak jang datang. Tentang handenarbeid wakil P. G. H. B. saudara *Iskandar di Nata* djoega toeroet bitjara sekarang setjara wakil organisatie kita. Begini bitjaranja:

„Toean Voorzitter dan vergadering jang terhormat! Sebermoela saja merasa perloe menjampaikan perkataan poedjian kepada toean *v d Hout*, atas pidatonja jang begitoe terang.

Perkoempoelan goeroe Indonesia. P. G. H. B., jang saja wakili dalam congres ini, ketika bercongres di Djogja djoega telah memperoendingkan peri hal handenarbeid. Dalam pembitjaraan tentang hal ini terdengar djoega soeara tjelaan keras - keras. atas uitvoeringnja, sehingga orang, jang tidak toeroet hadiir dalam congres itoe, moedah mengira bahwa P. G. H. B. itoe tidak setoedjoe dengan handenarbeid. Pandoegaan ini tidak betoel,— P, G. H. B. setoedjoe sekali dengan adanja handenarbeid disekolah-sekolah, asal woedjoednja seperti jang telah diterangkan oleh inleider. Jang P. G. H. B. tidak dapat setoedjoe, ja'ni *tjara* handenarbeid jang *di djalankan sekarang* di sekolah-sekolah Boemipoetra kelas 2.

Tjoba, pikirkan sendiri toean voorzitter!

I. Menoeroet kedjadian sekarang, sama sekali tidak diperhatikan, apa jang djadi goeroe itoe maoe atau tahoe betoel tentang handenarbeid, Kepala sekolah haroes mengadakannja. Habis perkara!

II. Boeat membeli persédiaan handenarbeid dan lainnja jang perloe boeat peladjaran ini, tidak ada wang fonds jang tjoekoep. Menteri goeroe terpaksa mengeloearkan wanguja sendiri. (Banjak lagi hal-hal di sekolah kelas doea jang haroes di adakan oleh menteri goeroe dengan wangnja sendiri.)

III. Adanja handenarbeid didjadikan oekoeran boeat kenaikan pangkat djoega. Telah kedjadian, bahwa seorang menteri goeroe misti menoenggoe kenaikan pangkat sebab boeahnja handenarbeid tidak begitoe menarik hatinja inspecteerande ambtenaar.

IV. Pengadjaran ini djoega kadang-kadang dipergoenakan maksoed lain, mitsalnja boeat mengirimkan barang-oarang sekolah satoe jaarmarkt. Dengan tjara begini handenarbeid itoe boekan *middel* (djalan) lagi tetapi *doel*, djadi boleh diseboetkan *productieve* handenarbeid, satoe hal jang di tjela oleh inleider. Saja tahoe sendiri, bahwa anak anak disekolah kelas doea disalah satoe tempat di pantai laoet Djawa Tengah soedah pernah seminggoe sekoerang koerang nja tidak dipeladjari apa-apa ketjoeali handenarbeid djoega.

Dari persatoean Goeroe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL